



Pou Piblikasyon Imedya: 11/30/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO FAZ NAN PLAN ETA POU METE FEN NAN EPIDEMI SIDA

Gouvènè a angaje \$200 milyon adisyonèl pou sipòte efò SIDA/VIH, sipleman \$2.5 milya Eta aktyèlman dirije pou adrese SIDA/VIH

Gouvènè a mande tou Gouvènman Federal la sipò adisyonèl pou asdrese SIDA/VIH

Etap ki te franchi: Pa gen nouvo ka transmisyon Manman a Pitit nan plis pase yon lane; Eta te site kòm yon lidè nasyonal pou elaji itilizasyon medikaman pou anpeche nouvo enfeksyon

An rekonesans a jounen Mondyal SIDA, Gouvènè Andrew Cuomo jodia te fè yon seri anons osijè nouvo faz Plan Eta New York pou mete fen nan epidemi SIDA nan Eta. Eta New York se yon lidè nasyonal pou bay bon jan kalite sèvis sipò pou moun yo ki te enfekte avèk SIDA/VIH, mande plis pase \$2.5 milya chak ane pou lite kont maladi a.

“New York te yon fwa ankò episant kriz SIDA – men kounye a nap montre peyi a kijan pou l lite epi fè epidemi sa vini yon bagay nan tan lontan,” **te deklare Gouvènè Cuomo.** “Nap fè pwogrè rapid nan direksyon yon avni kote plis moun konnen stati yo, medikaman fasilman aksesib, e nouvo ka yo vin deplizanpli ra. Kòm nap make Jou Mondyal SIDA, nap sonje tout moun ki te mouri yo, e nou re-angaje tèt nou pou mete fen nan epidemi sa yon fwa pou tout.”

Jodia, Gouvènè a angaje \$200 milyon nan nouvo finansman nan direksyon efò SIDA/VIH, sa ki se yon adisyon \$2.5 milya nan finansman piblik ke eta aktyèlman mande nan bi pou adrese maladi a. Li mande tou gouvènman federal la pou ogmante kontribisyon l nan tout peyi a pou asistans lojman pou moun kap viv avèk VIH ak SIDA. Finansman ki soti nan gouvènman federal la sou asistans lojman pou moun kap viv avèk VIH nan tout eta te rete efikasman inaktif pou plis pase 5 ane nan mwens pase \$300 milyon chak ane, epi renouvle sipò enpòtan Washington pou kenbe pwogrè ki te akonpli jiska prezan pou adrese epidemi a.

Anplis, Gouvènè a te anonse ke anplis de plizyè milya dola Eta te mande pou efò

SIDA/VIH, Eta New York fè angajman finansye ak pwogramatik adisyonèl pou asire ke Eta New York mete fen nan SIDA nan 2020, enkli:

1. Elaji disponibilite lojman a bon mache epi bay asistans lojman adisyonèl pou sila yo kap viv avèk VIH;
2. Mete asirans lavi disponib pou moun ki gen ant laj 30 ak 60 ane kap viv avèk VIH;
3. Envesti plis finansman nan Plan Swen Medicaid Kontwole; ak
4. Envesti plis finansman pou ede amelyore sèvis nan klinik "One Stop" STD nan Vil New York.

Anplis de atik sa yo, Gouvènè a planifye pou souliye lòt konpozan nan plan Eta pou mete fen nan SIDA nan diskou Gouvènè a sou Sitiyasyon Eta ak bidjè Egzekitif byen bonè ane pwochen.

Anplis, Gouvènè a te anonse ke Eta te fè gwo pwogrè nan objektif li pou mete fen nan SIDA nan 2020. Yo pat anrejistre okenn nouvo transmisyon VIH manman-ak-pitit depi Out 2014, premye fwa ke yo pat anrejistre okenn nouvo ka sou yon peryòd plis pase douz mwa depi deklanchman epidemi SIDA. Anplis, yo te rekonèt Eta New York kòm yon lidè nasyonal nan efò pou ogmante disponibilite pou pre-ekspozisyon pwofilaksi (PrEP) yon medikaman kap ede moun ki VIH negatif redwi risk pou yo vin enfekte. Depi jen 2014, te gen plis pase yon 300 pousan ogmantasyon nan itilizasyon PrEP pami lòt enskri Medicaid yo.

Komisyonè Sante Dr. Howard Zucker te deklare: "Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, New York kontinye pran aksyon fonsè ak pwogrè agresiv nan bi pou mete fen nan epidemi SIDA epi estope pwopagasyon VIH, pandan egalman lap chèche sila yo ki te deja enfekte. Pran règleman sa yo ansanm ak inisyativ pou asire ke Nouyòkè yo ki gen VIH ak sila yo ki gen risk pou resevwa sipò ak swen yo bezwen."

Jiska dat, plis pase 202,000 Nouyòkè te dyagnostike avèk SIDA, e plis pase 112,000 moun nan Eta aktyèlman ap viv avèk dyagnostik SIDA/VIH. Nan kòmansman ane sa, "Gwoup Travay Gouvènè Cuomo pou Mete Fen nan Epidemi sa" te bay plan final li pou satisfè objektif pou mete fen nan epidemi sa nan 2020. Depi lè sa, yo te pran anpil gwo etap pou enpleman yon plan prensipal a twa fasèt: (1) pwolonje tès VIH, (2) asire ke tout moun ki gen VIH ka jwenn tretman, ak (3) ogmante disponibilite Pre-Ekspozisyon Pwofilaksi (PrEP), yon medikaman kap ede moun ki VIH negatif yo redwi risk pou yo vin enfekte. Sa a enkli: ogmantasyon enpòtan itilizasyon Pre-Ekspozisyon Pwofilaksi (PrEP), efò amelyore pou ogmante pousantaj sipresyon viral pami popilasyon prizon an, ak idantifikasyon plizyè milyon benefisyè Medikal ki enfekte-VIH ki bezwen sipò pou akonpli sipresyon viral.

Reyalizasyon prensipal enpòtan aktyèlman ankou enkli:

Eta New York redwi nan fason ki enpòtan transmisyon SIDA/VIH Manman-a-Pitit
Pandan dènye 12 mwa ki sot pase yo, pou premye fwa depi epidemi SIDA/VIH la te kòmanse, Eta New York te gen yon rapò zewo enfeksyon SIDA/VIH ki te pase de

manman a pitit. Byenke done sa preliminè, li montre pousantaj ki ekstrèmman elve sipresyon viral pami fi yo ki enfekte avèk VIH ki gen laj pou fè pitit. Li demontre egalman kalite pwogram depistaj tibebe ki fenk fèt nan New York, sa ki asire yon pozisyon agresif nan bi pou teste fi ansent yo e tout timoun piti yo ki ekspoze a VIH yo idantifye epi trete komsadwa jan li apwopriye.

Eta New York redwi konsiderableman estimasyon Nouyòkè yo kap viv avèk VIH

Nouvo teknoloji ak metòd amelyore te pèmèt eta devlope yon reprezantasyon ki pi egzakt sou Nouyòkè yo kap viv avèk VIH. Sistèm siveyans ajou ak itilizasyon efikas domèn investigasyon kap chèche moun ki sanble ta manke swen te lakoz nan yon diminisyon de apeprè 20,000 moun ki enkli nan [Kascad Swen](#) Eta. Nouvo modèl kaskad la siyen ka yo baze sou yon analiz resan modèl ak adrès pou gen aksè a swen.

Rekonesans nasyonal nan absòpsyon Eta New York nan PrEP

Eta New York te jwenn rekonesans nasyonal nan men Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) pou travay li nan fasilite aksè a PrEP, twazyèm pwen nan plan twa pwen Gouvènè Cuomo pou mete fen nan epidemi VIH. Te gen yon ogmantasyon de plis pase twa fwa nan itilizasyon PrEP pami benefisyè Medicaid yo nan 2015. Nan 1ye Desanm– Jounen Mondyal SIDA– Komisyonè Sante Eta, Dr. Howard Zucker ap prezante rezilta yo pandan yon tele-konferans nasyonal ke CDC te òganize.

Pwochen etap an sipò pou mete fen nan epidemi sa enkli:

Ogmantasyon angajman NYS pou ede moun kap viv avèk SIDA/VIH jwenn Asistans Lojman / Lojman a bon Mache

Aksè a lojman a bon mache, ansekirite ak lojman stab te yon rekòmandasyon kle nan Plan ETE ke Gwoup Travay la te devlope. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, New York te elaji lojman sipòtif ki bay benefis dirèkteman a moun ki gen SIDA/VIH e, nan pwochen ane fiskal, pral plis elaji lojman a bon mache epi bay asistans lojman pou sila yo kap viv avèk VIH.

Rekòmandasyon yo enkli entèkansyon enpòtan ki efikasan adrese sante konplèks ak entèsepte ak kondisyon sosyal epi redwi disparite sante, patikilyèman pami rezidan ki gen revni fèb yo nan New York ak sa yo ki pi vilnerab ak majinalize. Entèkansyon sa yo ap chèche diminye obstak pou swen epi amelyore aksè a swen ak tretman ki pa kite okenn popilasyon deyè. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York te priyorize lojman epi kontinye travay avèk vil New York pou bay aksè a lojman a bon mache.

NYS Apwouve Pwodui Asirans Lavi pou moun kap viv avèk VIH

Toulède asirans pèmanan ak tèm ap kounye a disponib pou moun yo kap viv avèk VIH, ant laj 30 ak 60, a kondisyon ke te genyen yon enterè asirab sifizan ak yon moun ki reponn a kritè spesifik soukripsyon. Depatman Sèvis Finansye (DFS) te apwouve pwodui asirans lavi kap vann apati 1ye desanm. Disponibilite asirans lavi pou moun kap viv avèk VIH reponn a stigmatizasyon istorik kont moun kap viv avèk VIH e li montre avansman pwogrè nan swen ki fè yon dire lavi mwayen pou anpil Nouyòkè kap viv avèk

VIH.

Lansman Pwogram Swen Kontwole Mediciad NYS pou ankouraje lyezon pasyan ak konsèvasyon swen

Yon nouvo pwogram pilòt avèk Plan Swen Kontwole Medicaid ap ede pote 6,000 pasyan ki VIH pozitif pou swen epi bay sipò pou reyalize sipresyon viral. Pou sipòte pilòt la, yo te atribye \$500,000 a senk plan pou devlope oswa ranfòse sistèm pou lokalize epi angaje moun ke kondisyon sante aktyèl yo an kesyon. Nan 2016, pataj done ak rezilta ka ap elaji pou enkli tout Plan Swen Kontwole Medicaid.

NYS bay finansman adisyonèl pou klinik NYC “One-Stop” STD pou amelyore sèvis yo

Eta New York ap bay \$1 milyon nan finansman adisyonèl Eta pou klinik Vil New York yo ki bay dyagnostik ak tretman pou maladi ki transmèt seksyèlman (STD). Finansman an ap itilize pou anplwaye yon modèl klinik ‘One-Stop STD’, ki bay aksè a PrEP ak anti-retroviral pou moun yo ki fenk dyagnostike VIH pozitif. Modèl sa bay aksè a prevansyon ki sible, aksè a swen medikal enkli VIH ak tès depistaj STD ak tretman, bio-medikal (PrEP) ak sèvis prevansyon konpòtman.

NYS bay sipò pou prizonye ki VIH pozitif nan etablisman koreksyon Eta New York

Pou premye fwa, Depatman Sante Eta New York (DOH) ak Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè Eta New York (DOCCS) ap travay ansanm pou idantifye tout prizonye ki VIH pozitif yo ki nan prizon eta ki sanble pa gen swen. Inisyativ sante piblik la ap ankouraje tout prizonye ki enfekte VIH pou akonpli sipresyon viral, sa ki amelyore pwòp pèspektiv sante alontèm yo epi fè li mwen pwobab ke yo ka transmèt maladi a bay lòt moun. Efò sa yo ap diminye tou depans Eta alontèm.

NYS entansifye aksyon pou asire konfòmite avèk lwa sou tès VIH

Eta New York te revize tou lopital yo kap fonksyone nan Eta pou konfòmite avèk tès VIH woutin ke yo ofri jan li mandate dapre lwa eta. Revizyon an, sa ki te fini ane sa, te jwenn ke anpil lopital pat gen règleman ak pwosedi adekwat. Jodia, 100 pousan nan lopital yo gen gen règleman ak pwosedi. Anplis, Eta te revize plizyè milye dosye admisyon pasyan nan depatman ijans lopital yo pou asire konfòmite avèk òf obligatwa tès VIH pou moun ki gen laj 13-64 ane.

NYS angaje Nouyòkè yo pou mete fen nan epidemi an atravè fowòm rejyonal nan tout eta

Sou yon peryòd plis pase twa mwa, plis pase 800 Nouyòkè te patisipe nan diskisyon rejyonal ke eta patwone sou efò lokal pou mete fen nan epidemi SIDA. Lidè lokal ak ofisye eli yo ap pave wout la pou enpleman strateji enpòtan grasa inisyasyon gwoup travay ki baze rejyonalman, inisyativ edikasyon piblik, ak etablisman rezo ki baze sou kominote pou devlope plan daksyon lokal.

2015 Lansman Tablo Afich NYS ETE

Eta New York te lanse yon sistèm tablo afich ETE– yon sitwèb piblik pou lajman disemine enfòmasyon sou pwogrè inisyativ demaraj New York pou mete fen nan

epidemi SIDA. Sistèm Tablo afich la montre dènye enfòmasyon sou epidemi SIDA nan Eta New York enkli enfòmasyon sou, ensidans ak frekans VIH, ansanm avèk prevansyon VIH, tès ak swen. Finanse pa DOH, Tablo afich ETE a te fèt e Hunter College ak Lekòl Sante Piblik Inivèsite Vil New York jere l, an kolaborasyon avèk Depatman Sante Vil New York ak Ijyèm Mantal.

Jounen Mondyal SIDA

An obsèvasyon sou Jounen Mondyal SIDA ane sa, Gouvènè Cuomo ap parèt nan Teyat Apollo nan Harlem, New York nan dat 1ye Desanm a 11:00 a.m. nan yon evènman kominotè ke kowalisyon Mete fen nan SIDA te òganize. Anplis, DOH ap onore moun yo ki soti toupatou nan eta pou angajman yo, kontribisyon ak repons pou amelyore ak ankouraje sante ak byennèt tout Nouyòkè yo. Pou onore sila yo ki te mouri epi montre sipò pou sila yo kap viv avèk SIDA/VIH, yo envite Nouyòkè tout laj nan Sant Konvansyon Empire State Plaza nan Albany nan dat 1ye desanm de 9 a.m. jiska 4 p.m. Seksyon NON nan Pwojè Quilt Memoryal SIDA ap afiche e sesyon edikasyon yo ap ouvè pou piblik la. Evènman Jou Mondyal SIDA DOH ankouraje edikasyon ak sansibilizasyon. Edikasyon se kle pou redwi stigmatizasyon ak diskriminasyon epi reyalize fen epidemi an nan eta nou an nan 2020.

Pou w jwenn enfòmasyon anplis sou kanpay pou mete fen nan SIDA nan Eta New York, vizite:

health.ny.gov/EndingtheEpidemic

Orè konplè evènman yo ak enfòmasyon adisyonèl sou aktivite jounen Mondyal SIDA disponib [la](#), e enfòmasyon sou Kaskad Tretman Eta New York disponib [la](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418